# SÚT HÁM SÚT ÓNIMLERINIŃ EKOLOGIYALIQ QÁWIPSIZLIGIN QORǴAW TALAPLARI

**Tóreniyazova V.S., Xojamuratova G.Q.**
Samarqand mámleketlik veterinariya meditcinasí, sharwashılıq hám biotexnologiyalar universiteti Nókis filialı

2017-jıl 7-iyul kúni Ózbekistan Respublikası ministrler mekemesiniń "Sút hám sút ónimleriniń qawipsizligi haqqındaǵı ulıwma texnikalıq reglamenttı tastıyqlaw haqqında" ǵı 474-sanlı qararı qabıl qılındı. Sút hám sút ónimleriniń qawipsizligi haqqındaǵı ulıwma texnikalıq reglamenttı rásmiy daǵaza qılınǵan kúninen baslap on segiz ay ótkennen keyin ámelge kiritiliwi belgilengen.

Bul texnikalıq reglament Ózbekistan Respublikasında satıwǵa shıǵarılǵan hám azıqlıq maqsetinde paydalanılatuǵın sút hám sút ónimlerine, atap aytqanda shiyki sút, sút ónimleri, sút hám sút ónimlerin islep shıǵarıw, saqlaw, tasıw hám joǵaltıw processleri, sútti qayta islew ónimlerin islep shıǵarıw ushın zárúr bolǵan funktsional komponentlerge tiyisli bolıp tabıladı. Usı waqıtta texnikalıq reglament talapları fizikalıq shaxslar tárepinen jeke paydalanıw ushın keyingi qayta satıw qálewisiz islep shıǵarılǵan sút hám sút ónimlerine hám sút hám sút ónimlerinen paydalanılıp yamasa olar tiykarında tayarlanatuǵın aspazlıq hám qandolat ónimlerine, azıqlıq hám biologiyalıq aktiv qosımshalar, dári ónimleri, haywanlar ushın azıqlar hám azıqlıq emes tovarlarǵa tiyisli emes.

Sút hám sút ónimlerin qawipsizligine bolǵan talaplar tómendegiler tiykarında qáliplestiredi:

-shiyki buyımlar, tayın sút ónimlerine bolǵan sanitariya qaǵıydaları, norma hám gigienik normativlikler, veterinariya-sanitariya qaǵıydaları hám normalar;

-sut hám sút ónimlerin qawipsizligi boyınsha qosımsha talaplar;

-shiyki buyımlar hám ónimlerdi jiberiw hám saqlawǵa bolǵan talaplar;

-ekologik qawipsizligine bolǵan talaplar.

Ózbekistan Respublikasında satıwda bolǵan sút hám sút ónimlerinde ornatılǵan jaramlılıq múddeti sheńberinde hám odan kóp múddette qawipsiz bolıwı hám texnikalıq reglamenttıń 2-7 qosımshaları talaplarına muwapıq bolıwı kerek.

Shiyki sút, shiyki maysız sút hám shiyki qaymaqtıń fizikalıq-ximiyalıq qawipsizlik talapları, olardaǵı potencial qáwipli elementlar, mikroorganizmlar hám somatik kletkalardıń shegaralıq jolına qoyılatuǵın muǵdarları texnikalıq reglamenttı 2-shi qosımshasında kórsetilgen shegaralıq jol qoyılatuǵın normalardan aspawı kerek.

Shiyki sútte veterinariya dári ónimlerin qaldıqlı muǵdarına jol qoyılatuǵın dárejeleri texnikalıq reglamenttı 3-shi qosımshasında kórsetilgen jol qoyılatuǵın normalardan aspawı kerek.

Sút hám sút ónimleri, uytqılar, azıq ortalıqlar, fermentli preparatlarda potencial qáwipli elementler, mikroorganizmlerdi jol qoyılǵan muǵdarları texnikalıq reglamenttı 4 hám 5-shi qosımshalarında kórsetilgen shegaralıq jol qoyılatuǵın normalardan aspawı kerek.

Sút hám sút ónimlerin fizikalıq-ximiyalıq hám mikrobiologik kórsetkishleri texnikalıq reglamenttıń 7 qosımshası talaplarına muwapıq bolıwı kerek.

Islep shıǵarıw bólmeleri, buyımlar, inventar, tara, transport quralların juwıw hám dezinfektsiyalaw sút hám sút ónimleri qawipsizligin támiyinlewi, olardı múmkin bolǵan pataslanıwı aldın alıwı kerek.

Sút sanaatın barlıq jumısshıları jumısqa kiriwinde dáslepki medicinalıq kórikten hám keyinirek bolsa dáwirli medicinalıq kóriklerden ótiwi kerek.

Islep shıǵarıw processlerin qawipsizligine tómendegishe erisiledi:

-texnologik processler, sonıń menen birge usıl, jumıs rejimlerin islep shıǵarıw buyımlarına xızmet kórsetiw tártibinde paydalanıw;

-jumısshılar qolaylıǵı talaplarına juwap beretuǵın islep shıǵarıw bólmelerinen paydalanıw;

-jaraqatlanıw hám islep shıǵarıw kesellikleri deregi esaplanbaytuǵın islep shıǵarıw buyımlarınan paydalanıw;

-isenimli isleytuǵın hám turaqlı tekseriletuǵın qadaǵalaw ólshew ásbapları, avarıyadan qorǵaw qurılmalarınan paydalanıw;

-jumısshılardı kásiplik tańlaw, oqıtıw, olardı miynet qawipsizligi boyınsha bilimleri hám kónlikpelerin tekseriw arqalı;

-jumısshılardı qorǵaw qurallarin qorǵaw arqalı.

Sút hám sút ónimlerin qawipsizligi boyınsha qosımsha talaplar tómendegilerden ibarat:

-sut hám sút ónimlerin islep shıǵarıwda islep shıǵarıwdan paydalanılatuǵın shiyki onim hám járdemshi materiallar olardı kelip shıǵıwın tasdıyqlawshı jiberiw hújjetlerine iye bolıwı kerek. Qawipsizlik kórsetkisherli boyınsha olar texnikalıq tártipke salıw tarawindaǵı normativ hújjetler menen belgilengen talaplarǵa juwap beriwi kerek;

-sút tiykarındaǵı balalar awqatlanıwı ónimleri hám shiyki ónim ionizatsiyalawshı nurlanıw menen islew berilmewi kerek;

-paydalanıwǵa tayın uytqılar hám probiotik mikroorganizmler basqalardan ajıratılǵan, izolyatsiyalanǵan islep shıǵarıw bólmelerinde islep shıǵarılǵan bolıwı kerek;

-sút ónimlerin islep shıǵarıw paydalanılatuǵın fermentli preparatlar anıq texnologiyalıq process ushın zárúr bolatuǵın aktivlik hám tańlanba ayrıqshalıqlarǵa iye bolıwı kerek;

-sút hám sút ónimlerin islep shıǵarıwda qollanılatuǵın texnologiyalıq buyımlar, trubalar, saqlaw hám jiberiw ıdısları hám inventar texnikalıq reglament talaplarına juwap beretuǵın ónim islep shıǵarıwın támiyinleytuǵın, olardı juwıw, tazalaw hám dezinfektsiyalaw imkaniyatın beretuǵın, azıq-awqat penen kontaktda bolıwı ruxsat etilgen materialdan tayarlanǵan, sút hám sút ónimleri menen kontaktda bolatuǵın jumısshı ústleri tegis hám adsorbtsiya qılınbaytuǵın materialdan tayarlanǵan konstruktiv hám ekspluatatsion zatlarǵa iye bolıwı kerek.

Sút hám sút ónimlerin oraw hám markirovkalawǵa bolǵan talaplar olardı oraw hám markirovkalaw talapları tiykarında qáliplesedi. Sút hám sút ónimlerin oralıwı ónimdi barlıq jaramlılıq múddeti dawamında onı qawipsizligi processinde tutınıw qásiyetlerin támiyinlewi kerek. Sút hám sút ónimlerin markirovkalawda islep

shıǵarıwshı qarıydarǵa zárúrli hám isenimli informaciyanı usınıs etiwi zárúr. Markirovka texnikalıq reglament, sonıń menen birge texnikalıq tártipke salıw tarawındaǵı normativ hújjetler talaplarına juwap beriwi kerek.

Sonı da aytıw kerek, texnikalıq reglament talaplarına juwap bermeytuǵın shiyki sút, sút hám sút ónimleri Ózbekistan Respublikasın "Azıq-awqat ónimlerin sapası hám qawipsizligi tuwrısında" ǵı nızamı menen belgilengen, azıq-awqat ónimleri sapası hám qawipsizligin támiyinlew tarawında mámleket basqarıwın ámelge asırıwshı mámleket qadaǵalawı shólkemleri qararı boyınsha qayta islew yamasa joǵaltıw jolı menen jiberiledi.

Sút hám sút ónimleri jaramlılıǵın bahalaw identifikaciyalaw jolı menen tayarlawshı, sertifikatsiyalaw boyınsha organ hám mámleket qadaǵalawı organı tárepinen ámelge asırıladı. Identifikaciyalaw degende sút hám sút ónimlerin olardı markirovkası hám jiberiw hújjetlerinde keltirilgen áhmiyetli belgilerge muwapıqlıǵın parıqlı belgilerdi vizual kórikten ótkiziw yamasa ónimdi sınap kóriw nátiyjeleri boyınsha bahalawdı ámelge asırıw maqsetinde jaramlılıǵın belgilew túsiniledi. Qawipsizlik kórsetkishlerin anıqlaw ushın úlgiler alıw texnikalıq reglament talaplarına muwapıqlıǵın anıqlaw maqsetinde ámelge asırıladı hám texnikalıq tártipke salıw tarawındaǵı normativ hújjetlerge muwapıq ótkiziledi.

Texnikalıq reglament talaplarına muwapıqlıǵın tasdıyqlaw Ózbekistan Respublikası tárepinen satıwǵa shıǵarılatuǵın barlıq sút hám sút ónimleri ushın tiyisli bolıp tabıladı. Texnikalıq reglamenttı kúshke kiriwge sút hám sút ónimlerine berilgen sanitariya - epidemiologik juwmaqlar hám tiyisli sertifikatları olardı ámel etiw múddeti tamam bolǵanǵa shekem haqıyqıy esaplanadı.

Texnikalıq reglament talaplarına ámel qılıw ústinen mámleket qadaǵalawı Ózbekistan Respublikası den sawlıqtı saqlaw Ministrligi, Ózbekistan Respublikasın awıl hám suw xojalıǵı Ministrligi, Ózbekistan standartlastırıw, metrologiya hám sertifikatsiya agentligi hám olardı belgilew shólkemleri, sonıń menen birge kompetentligi sheńberinde basqa arnawlı kepillikli mámleket shólkemleri tárepinen ámelge asırıladı. Texnikalıq reglament talapların aynıwında ayıplı shaxslar nızamshılıq penen belgilengen tártipte juwapkerlikke tartıladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. Ataxanov Sh. N., Fayziev J. S., Atamirzaeva S., Akromboev R., Genjeev Yu. Sh. "Írımshk hám cir tayarlaw texnologiyasi". Oqıw qollanba. (Ózbekistan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw Ministirliginiń 2018-jıl 27-martdaǵı 274-sanlı buyrıǵına tiykarlanıp berilgen №274-007 sanlı oqıw ádebiyatınıń baspa ruxsatnaması).

2. Fayziev Sh. J., Ataxanov Sh. N., Genjeev Yu. Sh., Fayziev J. S., Kanoatov X. M., Qońırboev O. T. "Sút hám sút ónimleriniń texnikalıq-ximiyalıq qadaǵalawı". Sabaqlıq. (Ózbekistan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw Ministirliginiń 2018-jıl 27-martdaǵı 274-sanlı buyrıǵına tiykarlanıp berilgen № 274-008 sanlı oqıw ádebiyatınıń baspa ruxsatnaması).

3. Ózbekiston Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı 07. 07. 2017 jıldaǵı 474 -sanlı qararı tiykarında "Sút hám sút ónimleriniń qorǵaw haqqıńndaǵı ulıwma texnikalıq reglamenttı tastıyıqlaw haqqında" qararı.